



## Kimoun ki ka kalifye pou Empire State Child Credit (Kredi Taks Empire State pou Timoun)

Ou ka reklame kredi sa a si:

- ou se yon rezidan Eta New York pandan yon ane okonplè oubyen ou marye ak yon moun ki rezidan pandan yon ane okonplè,
- ou gen yon timoun ki fè w kalifye\*, **ak**
- ou ranpli **yonn** nan kondisyon sa yo:
  - ou te reklame yon kredi taks federal pou timoun oswa yon kredi taks federal anplis pou timoun sou Fòm federal 1040 oswa 1040A, **oubyen**
  - ou pa te reklame ankenn kredi taks federal pou timoun epi revni ajiste anvan taks federal ou:

Deklare taks antan	Revni ajiste anvan taks federal
Moun marye ki deklare taks ansanm	\$110,000 oswa mwens
Selibatè, oswa chèf kay oubyen vèf (vèv) ki kalifye	\$75,000 oswa mwens
Moun marye ki deklare taks apa	\$55,000 oswa mwens

\*Yon timoun ki fè w kalifye dwe gen omwen katran nan 31 desanm ane taks la, e li dwe kalifye pou kredi taks federal pou timoun.

### Ki montan kredi a?

Si w te reklame kredi taks federal pou timoun, montan kredi taks Empire State pou timoun se pi gwo valè ant:

- 33% nan pòsyon kredi taks federal pou timoun yo ka akòde akòz timoun ki fè w kalifye yo, oswa
- \$100 miltipliye pa kantite timoun ki fè w kalifye yo.

Si w pa te reklame kredi taks federal pou timoun, men ou ranpli tout lòt kondisyon pou kalifye yo bay anwo la yo, montan kredi taks Empire State pou timoun se:

- \$100 miltipliye pa kantite timoun ki fè w kalifye yo.

**Pou aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon,** gade Form IT-213, *Claim for Empire State Child Credit* (Fòm pou Mande kredi taks Empire State pou timoun) ansanm ak eksplikasyon Fòm lan (ann anglè sèlman).

**Remak:** Si kredi sa a piplis pase montan taks ou dwe, y ap ranbouse w diferans la si w te yon rezidan pandan yon ane okonplè.